



Pou Piblikasyon Imedya: 08/18/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Pandan dènye semèn ki sot pase yo te gen anpil diskisyon osijè pou bati yon nouvo tinèl cross Hudson. Mwen kontan sou dyalòg la e mwen ankouraje pa deklarasyon pozitif ki te soti apre reyinyon jodia ke Senatè Booker te fè pou delegasyon New Jersey ak gouvènman federal la. Li sanble ke tout pati yo sou menm paj la: sa ki esansyèl pou ale delavan se pou jwenn sipò sibvansyon federal pou pwojè a.

“Senatè Schumer te kòrèk semèn pase lè li te mande gouvènman federal la pou rekonèt tinèl la kòm yon priyorite nasyonal e li te deklare ke gouvènman federal la dwe kontribye “maksimòm lajan posib pou konstriksyon l.

“Mwen panse nou tout rekonèt nesosite pou ratrape plizyè ane diskisyon ki pat bay pwogrè tanjib delavan. Mwen kwè pwofondeman nan bezwen pou peyi ak eta mwen an ansanm avèk rejyon an envesti nan nouvo ensfrastrikti pou kenbe pwisans ekonomik nou an, e mwen kanpe pare pou akselere nenpòt ak tout pwosesis eta pou fè pwojè sa ale delavan. Nou menm nan New York nou te envesti nan gwo rekonstriksyon wout, antreprann pi gwo pwojè pon nan peyi a nan deseni an avèk Pon Tappan Zee e anonse sèl rekonstriksyon total sou yon gwo ayewopò nan peyi a jodia.

“Nan menm opsyon sa, mwen sipòte fòtman konstriksyon nouvo tinèl Hudson River – ak yon pake sibvansyon federal kap fè pwojè sa vyab se yon premye etap esansyèl.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418